



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

“Tribinal Siprèm konsèvatè ki la kounye a ap ale dousman men ap definitivman eseye retire aksè a dwa nan zafè fè pitit. Epitou, ak anons retrèt Jij Kennedy an yè, Administrasyon Trump lan gen opòtinite pou nonmen yon Jij ki konsèvatè anpil nan Tribinal Siprèm lan. Administrasyon an te deja esplike ke objektif li se nonmen yon Jij ki pral non sèlman anile desizyon *Roe v. Wade* la, men ki pral tou fè tout pwogrè nan zafè swen sante nan kad fè pitit fè bak, aksè a planing ladan l tou.

Antan ke Gouvènè New York, mwen pwomèt pou mwen fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou mwen pwoteje aksè a tout sèvis swen nan zafè fè pitit.

Ak yon menas pèmanan sou dwa zafè fè pitit yo onivo federal, nou dwe kanpe fèm epi san okenn dout nan sipò n ap bay yon dwa fanm pou yo chwazi epi pou nou mete prensip sila a nan lwa Eta nou an. Sa fè anpil lane depi mwen te mande Kò Lejislatif lan pou li pwoteje lavi ak sante fanm nan pwopoze yon Lwa sou Sante Repwodiktif (Reproductive Health Act) ki t ap pèmèt nou ranfòse dwa ki sipòte pa desizyon *Roe v. Wade* lan. Ane sa a, Sena Repibliken an refize yon lòt fwa ankò adopte pwojè lwa enpòtan sa a pou nou ka enstore swen sante nan zafè fè pitit nan lwa Eta nou an.

Kounye a plis ke jamè, nou dwe kanpe epi goumen pou pwoteje aksè a dwa nan zafè fè pitit. Pandan ke Washington deklare fanm lagè, nou dwe pran mezi pou defann dwa sa yo nan New York”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)